Lèt NYSDOH pou Premye Enskripsyon nan Pwogram Health Home

Pou Plan Swen Kontwole yo Itilize Sèlman

01/01/2001

Chè Member Name :

Mwen ekri ou pou ofri ou plis èd pou satisfè bezwen swen sante ou. Èd anplis sa a rele Pwogram Sèvis Health Home (Yon Health Home se yon modèl swen sante kote yon responsab dosye kowòdone ak bay aksè nan tout sèvis yon manm bezwen (medikal, sante konpòtmantal ak sèvis sosyal) pou li rete an sante.)

Avèk *Pwogram Health Home nan Kay,* w ap gen yon Manadjè Swen Sante k ap travay avèk doktè ou yo pou:

- fè atansyon espesyal nan bezwen swen sante ou,
- asire ou jwenn sèvis medikal ou bezwen yo; epi
- ede ou jwenn sèvis sosyal ou bezwen, tankou kote kay pou rete ak manje.

Sèvis anplis sa yo gratis. W ap jwenn sèvis sa yo sèlman si ou vle yo. Se ou ki ka chwazi.

MCO Name ap travay avèk Health Home Services Provider pou ba ou *Sèvis Health Home.* Yon Manadjè Swen Sante ki nan Health Home Services Provider ap rele ou nan yon ti tan pou ba ou plis enfòmasyon, epitou pou reponn nenpòt kesyon ou ka genyen konsènan sèvis anplis sa yo.

Tankou toujou, si ou gen kesyon oswa pwoblèm, ou kapab rele MCO Name gratis nan nimewo Phone # .

Ak tout kè mwen,

MCO Signatory